Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# Нохчийчоьнан вахархочунна гӀуда тоьхна "экстремизме материалаш" лехарна

Гезгмашин-бутт 09, 2026




Гайтаман сурт

Нохчийчуьра кхело ТӀехьа-Мартанара 22 шо долчу вахархочунна административан гӀуллакхехула гӀуда тоьхна интернетехь "экстремизме" материалаш лехарна. Жимчу стеган цӀе йоккхуш йац, мел гӀуда тӀедожийна а билгал ца даькккхина.

Кхелан сацаман терго хилла "Медиазона" гӀирсан. Сацам шолгӀа бина хилла гезгамашин-беттан 3-чу дийнахь. ТӀехьа-Мартанан вахархочун хьокъехь цкъа хьалха хӀоттийна хилла протокол кхело полици йуха хьажийна хиллера. Магийна йоцу хӀун информаци жимчу стага лоьхуш хилла, хууш дац.

Журналисташа билгалдаккхарехь, карарчу хенахь хууш ду "экстремизме йуй хуушшехь материалаш лехар" аьллачу артиклехула йалх гӀуллакх айдина хиларх

лаьцна. И Iедалан къепе болх бан йолийна 2025-чу шеран гезгамашин-баттера схьа дуьйна. Оцу бехкана уггар доккха таIзар ду – пхи эзар сом гIуда.

2026-чу шеран бIаьста Нохчийчохь оцу артиклехула гIуда тIедожийра Алпатовера 29 шо долчу Магомадов Iийсанна. Пачхьалкхана охьадиллийтар цуьнга кхо эзар сом. Официалан версица а догIуш, оппозицин нохчийн NIYSO и "ТАБУК" телеграм-каналаш лоьхуш хиллера иза. И царна мукъа гучудаьлла а, хууш дац

- Сочихь гIуда туьйхира меттигерчу йахархочунна Бока цIарца дика вевзаш волчу Давидян Борисан "Доля воровская" йиш лакхарна. Цунна полисхочо протокол хIоттийра, экстремистийн символика гайтина цо аьлла. Оцу йукъанна билгалдаьккхина илли дац юридикан министралло "экстремизме материалех" хIоттийначу тептарехь, тидам бира тхан редакцино.

**Керланаш**

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю